


[Print Page](#)
[back](#)
[forward](#)

**Message à la Nation du chef d'État haïtien,
Son Excellence Jean-Bertrand Aristide
à l'occasion de la Commémoration du 198ème Anniversaire
de la Bataille de Vertières**

Académie de Police, Frères, 18 Novembre 2001

Excellences, Mesdames, Messieurs les ministres du Gouvernement de la République d'Haïti,
Monsieur le Président de l'Assemblée nationale et,
Honorables Sénateurs de la République,
Honorables Députés de la République,
Monsieur le Président de la Cour de Cassation,
Excellence, Monsieur le Nonce Apostolique,
Distingués Membres du Corps diplomatique,
Messieurs les Maires de Pétion-Ville, de Port-au-Prince et de Delmas,
Monsieur le Président de la Cour Supérieure des Comptes et du Contentieux administratif
Monsieur le Directeur général de la Police nationale,
Distingués Policiers et Policières,
Mesdames et Messieurs les Membres du Corps consulaire,
Mesdames et Messieurs les Représentants des Organisations internationales,
Mesdames et Messieurs les Membres des Grands Corps de l'État,
Chers Concitoyens,
Chères Concitoyennes,
Chers Amis du Dixième Département,
Mesdames,
Messieurs,

La Première Dame et moi avons l'honneur de vous saluer au nom des Héros de Vertières. Que nous sommes heureux de nous retrouver pour la Commémoration de la Bataille de Vertières ! Incroyable, mais éclatante fut la victoire de Vertières. 18 novembre 1803, nos ancêtres, tous unis pour la liberté ont mis l'Armée de Leclerc en déroute.

Qui l'eut dit ? Qui l'eut cru ? D'aucuns y découvrent une révolution, fille de celle de 1789. Rejetant cette thèse, d'autres préfèrent parler de cognation ou d'imprégnation réciproque entre 1789 et 1803. Pour nous, Vertières symbolise ce carrefour géopolitique traversé par trois (3) révolutions.

●

La Révolution française,



La Révolution américaine,



La Révolution haïtienne.

Bien sûr, la nôtre : la Première, la Révolution des nègres assoiffés de paix. Cette paix que nous cherchons ici et ailleurs à travers le dixième département. L'histoire, ce passé composé, mais aussi ce passé à recomposer, révèle que les enjeux de cette paix se jouent à ce carrefour géopolitique, traversé par les révolutions : française, américaine et haïtienne.

Qu'il s'agisse du sang de nos ancêtres versé à Savannah, aux États-Unis pour aider les Américains à conquérir leur indépendance, qu'il s'agisse du sang de nos ancêtres versé ici pour irriguer cette terre et en faire la plus riche des colonies françaises à un moment où un tiers du commerce extérieur de la France dépendait de notre île, sève économique de leur révolution, nous nous trouvons à ce carrefour historique où les intérêts géopolitiques étaient toujours en jeu. D'où les alliances et les choix stratégiques susceptibles d'exacerber les tensions sociales ou de contribuer à l'avènement d'une société de paix.

En octobre 1803, les navires américains, au lieu d'entrer au Cap Français, ont choisi de se diriger vers les indigènes aux Gonaïves, à Saint-Marc, à Jérémie. Ce choix est lié à la défense des intérêts économiques des Américains qui, depuis l'arrivée des troupes de Leclerc avaient perdu tous les avantages commerciaux dont ils jouissaient sous Toussaint Louverture. Dès lors, s'enchevêtraient les intérêts économiques des américains et nos intérêts géopolitiques.

Qui n'a pas d'intérêt à défendre ses propres intérêts ?

Tous! A l'échelle nationale et internationale, nous avons intérêt à travailler pour la cohésion sociale et la paix.

En reconnaissant que l'esclavage est un crime contre l'humanité, il nous incombe la responsabilité d'écouter les victimes avec les oreilles du cœur et celles de la raison. Cette politique nourrie de l'éthique, exclue d'emblée l'esclavage, le terrorisme économique et le cynisme politique. Les experts des Nations-Unies ont raison d'affirmer que réinventer la gouvernance mondiale n'est plus une option pour le vingt-et-unième siècle mais un impératif. Alors que de Vertières à l'Afrique, de Vertières à l'Asie, de Vertières aux différents continents du monde, la violence économique oblige 1.300.000.000 d'êtres humains à vivre avec moins de \$1 par jour. Nous avons observé déjà, en 1998, que les patrimoines des 3 personnes les plus riches du monde dépassaient le P.N.B global des 48 pays les moins avancés. Tenez-vous bien, déjà entre 1994 et 1998, les 200 personnes les plus riches du monde ont vu leur capital passer de \$400 milliards à mille milliards de dollars américains. Plus la politique montre son visage humain, moins le monde sera violent. Brillera alors, progressivement, mais certainement le Soleil de la paix.

Se lapè sa menm ki te Motè Revolisyon esklav yo,

Libète a se Gazolin Motè Revolisyon an.

Si gen lesklavaj, pa gen endepandans. E san endepandans pa t ap janm gen lapè.

21 Oktòb 1803, Dessalines met Kanson Fè nan tay li, gason pa kanpe, fanm vanyan debou, depatman lwès la mobilize, Dessalines kase randevou ak

divès batayon sòlda tou pare ! tou chofe ! tou limen !. Pétion ret isit e Kòmandan anchèf la, Dessalines derape sot la Plèndikildesak, li pran direksyon nò. Lè sa a vil Okap pot ko libere. Rochambeau ak teyoris yo te pran l ann otaj. Donk, koze kidnaping nan sot lwen! Okap pa pou yo, teyoris yo deklare: yo kidnape l. Soti 1803 rive 2001, se menm lespri jistis antiteyoris sa a k ap blayi.

Se pou sa mwen deklare depi se kidnaping, kidnaping moun ou kidnaping zafè moun, se pou Otorite Lajistis ak Lapolis fè youn pou di : Zewo Tolerans !

(Aplodisman asistans lan)

Lajistis se Lajistis!

Lajistis pa mache ak kidnaping !

Fòk sa fini, e, mwen deklare : depi se kidnaping, kidnaping moun ! ou kidnaping zafè moun, Otorite lajistis ak Lapolis ap fè youn pou di : Zewo Tolerans !

(Asistans lan aplodi pou pi bèl)

Dessalines pat tolere Lame Rochambeau a kenbe ni vil Okap ann otaj, ni Pèp la nan lesklavaj. Se tout manjezon sa a ki t ap mache nan san l, lè l t ap monte mòn, desann mòn jis li rive Lenbe jou ki te 6 Novanm 1803.

Pandan yon semèn, lapli t ap tonbe san rete, Dessalines kanpe la, la a nan Lenbe, li kanpe tann jous li desann ak yon Lavalas 27.000 Sòlda sou tèt mòn Wouj.

13 Novanm, lè yo pral rive nan bab Vètyè, jeneral Clerveau, Capois Lamort, Charlotin Marcadieux sèmante ! pou yo viv lib elibè, ou yo manje dènye bout Kann esklavaj la ak tout po, tout foumi. Paske Vètyè se te dènye batay pou debouche sou Lendepandans.

Pèp Ayisyen,

Jenès Peyi d Ayiti,

Nou menm Ekolye, Ekolye ki la a, an gran nonm,

Jodi 18 Novanm 2001 an tou, nou rete yon dènye chapit demokrasi pou n ekri nan liv 2004 la. Menm jan Rochambeau te drese plizyè Fò sou tèt Mòn Breda, Charye, Vètyè pou anpeche Dessalines ak Pèp la rantre nan vil Okap, se konsa tou jodi a lenmi pèp la drese blokaj politik ak blokaj ekonomik pou anpeche Pèp la soti anba mizè, mizèrere 200 zan an. Kòm si Pèp Dessalines nan pat gen je pou l wè ki men k ap manniganse pou anpeche l soti anba teyoris ekonomik, anba enpinite, anba konplo 200 zan sa a.

Lè nan Vètyè, moun nan Nò te fè youn ak nèg ak nègès d Ayiti, se te L'Union Fait la Force pou mennen dènye batay endepandans la.

Nou menm tou jodi a nan tèt ansanm, nan Linyon Fè Lafòs, nou jire pou n ekri dènye chapit demokrasi nan Liv 2004 la, paske chodye a pa dwe bouyi yon sèl bò ! paske militan konsekan pa dwe bourike pou chwal galonnen !

(Aplodisman asistans lan)

Nan lannuit 17 Novanm pou rive 18 Novanm 1803, mas Esklav yo t ap kriye : Libète ou Lanmò, ann avan ! ann avan ! Ann omaj a zansèt nou yo, kòm dèt patriyotik nou gen pou Ayiti, ann kriye, ann avan! Pou 2004, ann avan pou yon Revolisyon Pasifik.

Pèp Ayisyen,

Etidyan Inivèsite,

Elèv Lekòl,

Militan Konsekan,

Òganizasyon peyizan,
 Òganizasyon Sendikal,
 Òganizasyon Sosyopwofesyonèl,
 Òganizasyon Popilè,

Nou tout! Atravè 4 kwen peyi a e a travè Dizyèm Depatman an tankou zansèt nou yo n ap kriye : ann avan pou 2004, ann avan pou 2004, ann avan pou yon revolisyon pasifik.

18 Novanm 1803, Drapo Viktwa a t ap Flote sou Vètyè paske lenmi an pat ka jwe ni nan moral sòlda yo, ni nan moral Pèp la. Poutan, si moral yo te chaje, sa pa vle di yo te byen abiye ou yo te byen manje. Okontrè, pi fò nan sòlda yo te do touni, pye atè, mal abiye sof Batayon Pòdepè a ki te kase yon depo inifòm nan Latòti e ki te abiye banda pou fè Zòt bat ba. Choz di, choz fèt. Viktwa Vètyè a te posib paske anndan lame a Endijèn te kanpe pou fè disiplin nan mache S S. Kidonk lòd se lòd, disiplin se disiplin.

Nou menm Polisye pitit Jean-Jacques Dessalines le Grand ki sot bay bèl egzibisyon la a.

Nou menm Polisye pitit zansèt nou yo ki fè fyète nou chak fwa nou fè sekirite blayi nan peyi a, nou menm polisye ki fè m kontan lè m wè nou kanpe ak Pèp la pou kenbe Lonè peyi a tankou yon drapo diyite k ap flote nan fyète, m ap poze nou 4 kesyon kle jodi a. Se pa fèt Lame d Ayiti, se fèt Pèp Ayisyen.

Nou menm polisye ki nan Pèp la, ki pitit Pèp la, pitit zantray Pèp la, ki g on Misyon Istorik ! ki pou kite San Patriyotik la mache nan venn nou, m ap poze nou 4 kesyon kle. E, n ap reponn nan leve men nou anlè si nou kwè repons lan se wi. E si nou kwè repons lan se non, pa leve men nou anlè. E tout Pèp Ayisyen pral founi je gade si n leve men n anlè pou l santi ki jan nou kanpe pou l kanpe bò kote n pou n fè fyète Vètyè a mache pi plis toujou.

Premyèman - Polisye, èske nou respekte disiplin polis la ? wi ou non ?

Si wi, leve men n anlè.

(Polisye yo leve men yo)

Bravo pou yo,
 Bravo pou yo ki respekte disiplin polis la,

(Asistans lan bat bravo)

2èm kesyon, èske n ap obeyi Konstitisyon peyi a?

Si wi, men anlè,

(Polisye yo leve men yo)

Bravo pou yo,

(Asistans lan bat bravo)

3èm kesyon - èske n ap respekte dwa tout sitwayen san distenksyon ?

Si wi, men anlè,

(Polisye yo leve men yo)

Bravo pou yo,

(Asistans lan bat bravo)

4èm kesyon - èske n ap kontinye bay sekirite a san rete, san pran souf ? Si wi, men anlè,

(Polisyè yo leve men yo)

Bravo pou yo,

(Asistans lan bat bravo)

Yon bravo pi fò pou yo,

(Jan Prezidan an mande l la, yo aplodi pi fò)

Pi fò! Toujou, yo merite sa,

(Asistans lan pa manke sou aplodisman l fwa sa a)

Disiplin se disiplin, lòd se lòd. Lè n ap met lòd nan dezòd, nou mèt konte sou Pèp la, paske Pèp la konn distenge moun ki avè l san blòf e moun ki sou blòf. Gen moun ki avè l san blòf, toujou pare pou mouri pou Pèp la menm jan zansèt nou yo te mouri nan Vètyè pou nou.

Depi lanmò Anpèrè Dessalines, yon ti gwoup teyoris te toujou sèvi ak lame pou toupizi Pèp la, kenbe l andeyò pouvwa a, andeyò lekòl yo, andeyò, andeyò, andeyò, andeyò ! E se pa pou anyen yo rele pi fò pitit Pèp la moun andeyò, kòm si yo pa nan vant peyi a, kòm si yo pa nan peyi a.

Jodi a, nou di : non,

Lapolis la egziste pou l pwoteje ak sèvi tout moun ! jan konstitisyon an egzije l nan atik 269. Move lajan, ou lajan chango vire lòlòj patripòch. Men lajan chango pa ka vire lòlòj patriyòt sitou patriyòt je kale! K ap veye anwo! Veye anba! Pou kenbe ma drapo diyite a fèm! E pi fèm kejamè.

Nou se nèg ak nègès d Ayiti, nou renmen diyite n e drapo diyite n nou pa kite l trennen atè, ankò mwens si se pou lajan chango. Tout bon pitit Dessalines konnen trè byen se pa sèl lajan ki fè ti nèg vin grannèg.

Se pou sa anvan m fini, m te poze polisye yo plizyè kesyon, M ap poze jenès la ki la a plizyè kesyon. E si wi, l ap reponn wi avèk yon aplodisman pou rès peyi a tandè repons nou paske nou menm jenès la, nou dwe fè youn ak rès peyi a pou n mache e mache byen ! se sa k te fè lonè zansèt nou yo e se ak repons pa nou yo ki dwe pou mache ak aplodisman nou si repons lan se wi pou tout peyi a vibre ! souke ! nan okazyon Fèt Vètyè a paske l a pran sewòm, l a pran fòs! L a pran enèji pou fè nou kanpe djanm ! pou fè nou mache djanm ! pou fè toupatou ! tout moun mache tèt drèt !

Èske nou menm jenès la, nou dakò pou nou mache avèk tèt nou anlè e jamè tèt anba, wi ou non ?

(Jenès la reponn pa yon bèl aplodisman)

Bravo pou sa,

Jenès la, èske zansèt nou yo nan Vètyè te mache ajenou devan blan, wi ou non ?

(Jenès la reponn pou di non pandan l ap aplodi)

Non ! bravo pou sa.

(Jenès la aplodi pou pi bèl)

jenès la, èske nou tout Ayisyen, nou dwe mache nan fè sa ki kòrèk, wi ou non ?

(Jenès la aplodi vivman)

Trè byen ! bravo pou sa !

(Jenès la pa sispann aplodi)

Jenès la, èske pou n grannèg fò n pran lajan chango, wi ou non ? (Jenès la

reponn pou di non pandan l ap aplodi)

Non ! bravo pou nou !

(Jenès la kontinye aplodi)

Bravo pou nou !

(Yo pa sispann aplodi)

Jenès la, èske nou kapab fè Ayiti leve kanpe, wi ou non ?

(Yo reponn wi ak yon gwo bravo)

Si wi, leve kanpe pou m wè nou menm ki chita la a menm jan nou pral fè Ayiti leve kanpe?

(Yo tout debou ap bat men)

Èske nou pare pou n fè Ayiti leve?

(Yo tout kriye byen fò pou di : wi !)

Pou n fè Ayiti mache ?

(Yo kontinye kriye pou di : wi !)

Pou n fè Ayiti mache byen?

(Yon kontinye kriye pou di : wi !P)

Mache kòrèk?

(Yo tout kriye pou di: wi!)

Mache vit?

(Jenès la pa sispann kriye pou di: wi!)

Bravo, bravo, bravo !

(Tout asistans lan aplodi byen fò)

Dènye kesyon k ap ranmase tout lòt kesyon yo, e n ap ban m repons lan pi fò toujou si se wi.

Èske pandan nou dakò pou n fè Ayiti mache byen, mache kòrèk, mache vit, èske n dakò pou n fè Ayiti mache nan lapè ?

(Tout moun ansanm kriye : we !)

Bravo, bravo, bravo, bravo! Paske fòk Ayiti mache nan lapè,

(Jenès la ansanm ak rès asistans lan pa sispann bat bravo nan moman sa a)

Piske lapè a se Wout Delivrans lan.

Vivre en paix ici en Haïti et à travers le monde, c'est possible. C'est à juste titre que le philosophe Pithagore, en se demandant : où habite le possible ? répondit en ces termes : le possible habite près du nécessaire. Autrement dit, c'est nécessaire d'avoir cette paix et c'est possible de vivre en paix.

Aux Héros de Vertières qui nous ont frayé ce chemin de paix, Honneur et Gloire !

Proclamons le debout!

Honneur et Gloire !

Encore !

(Tous ensemble disent : Honneur et Gloire !)

Aux Héros de Vertière qui nous ont frayé ce chemin de paix, Honneur et Gloire !

Proclamez-le encore une fois ?

Honneur et Gloire !

Encore plus fort ?

Honneur et Gloire !

Et à nous, respect et réparation pour une civilisation de paix.

Merci.

(Source: *Palais National, Port-au-Prince*)

[End]

©2003 Copyright Embassy of the Republic of Haiti